

# REL POU NASYON AN

15 OKTOB 2018

Konpatriyòt,

Depi 7 fevriye 1986 ki te sanble yon nouvo lansman pou Patri nou an, se ak anpil sezisman n ap konstate :

- jou apre jou, Nasyon nou an ap plonje nan yon twou nou kontinye ap fouye pi plis san rete;
- deviz nasyonal la ap degrengole nan vitès pèsonn pa t atann
- Ekonomi peyi nou an prèske fin disparèt
- Popilasyon an ap plonje nan sitirasyon pi dezagreyab chak jou paske Rèsponsab yo abandone l, yo inyore menm bezwen ki pi senp li genyen yo
- Mandatè nou yo ap vin pi awogan, pi endiferan toulejou pandan yo pi devwe nan sèvi koz etranje
- Koripsyon ap vale tèren, Detounman Fon tounen prensip nan òganis leta yo jouk li rive blayi l sou tout sosyete a ...

Tout rezon sa yo ak yon latriye lòt ankò lakòz tanzantan nou sibi yon leve kanpe. Paske nou pa janm akonpanye leve kanpe sa yo, Elit yo toujou pwofite yo pou yo pi byen chita kò yo nan ranfose enjistis sosyal ki blayi sou tout peyi a an jeneral, ki menm tounen yon enstitisyon.

Si depi asasina Fondatè Nasyon an, 17 oktob 1806, tout revòl pèp la sèvi sèlman okazyon pou kreye nouvo rich, pandan li menm pèp la kontinye ap plonje nan mizè ki pi sal la, jodi a, plis pase tout lòt okazyon, apre gwo sinyal li lanse 6, 7 ak 8 jiyè 2018 pou montre jan l pare, jan l deside, li enpòtan pou n rekonèt ak admèt fayit elit yo ak echèk brital divès tantativ dezèspere pou kwoke nan gòj nou moso moso yon demokrasi pèpè.

Lè n ap gade jan pouvwa piblik yo pa ka reponn bezwen popilasyon an;

Lè n konsidere chanjman brital ki menase n,

Lè n ap gade jan pouvwa ki la jodi a ap reziste pou l ekzije Rèsponsab yo rann kont jan pèp la ki bouke ak enpinite ap reklame l san rete,

Lè n konsidere dirijan yo jodi a pèdi tout sans lidèchip yo, e yo pa enspire pèsonn moun konfyans,

Lè n tandè se tout sosyete a k ap di l bouke, lè n wè anachi k ap blayi kò l jis pou n riske pèdi sa k rete n nan dwa grandèt nou an, Sosyete ayisyen an ap goumen pou l pa enploze,

Jodi a, nou menm, diferan gwoup nan sosyete sivil sitwayen an ki òganize n tankou : Collectif 4 Décembre; CEDH; PATRIM; KOZEREN; COBAPO; OTLS; SKL; GRS; FHAIPH; FONDHED/FHED; IDESAH; AMISSA, ki revòlte menm jan an kont sitirasyon sa a ki la depi dikdantan, enpinite, kòripsyon k ap vale tèren ak mòd jesyon de grenn gòch peyi nou an, n ap lanse yon apèl ki soti nan tout nanm nou bay nasyon an an jeneral !

Nan nouvo kafou danje sa a pou istwa n antan pèp, chak Ayisyen gen obligasyon pou l leve tèt li nan nivo grandè istwa n, asime idantite l kòm Ayisyen ak ranpli devwa sitwayen l. Se nan

non Devwa sitwayen sa a n ap rele tout nasyon an pou n tabli, san okenn lòt fòm diskisyon, Yon Konsèy Tranzisyon Nasyonal pou n Redrese Nasyon an

Nan lide sa a, nou mande nasyon an tout antye pou l mobilize l, menm jan n ap mobilize n jiskaske nou reyisi :

1. Fòmè Konsèy Tranzisyon pou Redrese Nasyon an ki chita sou konsansis politik oubyen enstitisyonèl;
2. Wè tout ekip dirijan jodi a yo (Ekzekitif tankou Palman) chwazi volontèman pou yo demisyone. Yon gwo jès ki trè swètab, menm rekòmande kòm yon aksyon Rèsponsab nan pi gran enterè ak pi gran byen Nasyon an
3. ENstale Konsèy Tranzisyon pou Redresman Nasyonal la pou yon peryòd 30 mwa makimòm. Konsèy sa a ap genyen ladan l yon kabinè ministeryèl ki gen pou pi plis 12 manm k ap soti nan mitan pèsonalite ki kapab retabli pè sosyal la, konfyans, ak asire kontinuite Leta a.
4. Fòmile ANtant Nasyonal la pou yon lòt Ayiti ki chita sèlman sou Jistis Sosyal ak Opòtinite pou tout moun,
5. Reyalize konferans Nasyonal la k ap pèmèt nou trase fòm nouvèl Ayiti a k ap chita sou : yon nouvo rejim politik; nouvo sistèm edikatif, ekonomik, jistis, dekoupaj tèritwa a, pwodiksyon nasyonal la; sistèm elèktoral ayisyen an; sistèm sekirite nasyonal la; sistèm idantite nasyonal la ...
6. Rèstore ENstitisyon k ap veye sou Peyi a
7. Relanse Pwodiksyon nasyonal la
8. Tabli verite sou depans Leta pandan 30 dènye ane ki pase yo
9. Elabore ak adòpte yon nouvo Konstitisyon
10. Òganize Eleksyon Jeneral nan Peyi a

Konpatiyòt,

Nan non Inite 1791, 1802 ak 1803, Devwa sitwayen chak Ayisyen sèvi ak vwa n pou konvoke w. ANgajman w oubyen silans ou se repons ou devan istwa nasyon sa a zansèt nou yo kite ba nou kòm eritaj !

N ap avèti tout nouvo Ekip gouvènmantal k ap soti nan Konsèy Tranzisyon pou Redresman Nasyonal sa a ki ta chwazi zoti nan baliz plan sa a, l ap gen pou l peye konsekans zak li san okenn diskisyon posib, paske, yon lòt fwa ankò, Popilasyon an ap kanpe anfas li !

Pou otantifikasyon



Jean-Robert Argant

Koodonate Kolektif 4 Desanm